दिन–बुधवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक–17.09.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　　　　　अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक पचहत्तरम जन्म दिवसक मौका पर आइ देशक सभ सँ पैघ स्वास्थ्य अभियान शुरू कयल गेल। प्रधानमंत्री मध्य प्रदेशक धार मे आयोजित कार्यक्रम मे **स्वस्थ्य नारी सशक्त परिवार** अभियान आओर आठम राष्ट्रीय पोषण माह अभियानक शुभारंभ कयलनि। श्री मोदी सभा के संबोधित करैत जनौलनि जे ई अभियान देशक सभ माता आओर बहिन के समर्पित अछि। ओ जनौलनि जे हमर उद्देश्य अछि जे कोनो महिला जनतब या संसाधनक अभाव मे बीमारीक शिकार नहि होथि। प्रधानमंत्री जनौलनि जे विकसित होयत भारत मे हमरा सभ के मातृ मृत्यु दर आओर शिशु मृत्यु दर के जतय संभव भऽ सकय कम करब अछि। दू अक्टूबर धरि चलयबला ई अभियान मे देश भरिक एक लाख सँ बेसी स्वास्थ्य शिविर आयोजित कयल जायत। एम्हर, पटनाक इंदिरा गांधी आयुर्विज्ञान संस्थान मे आयोजित मुख्य कार्यक्रम मे स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय छलाह।

---

केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह राज्यक दू दिवसीय दौरा पर किछु कालक बाद पटना आबि रहल छथि। भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल जनौलनि जे केन्द्रीय मंत्री श्री शाह काल्हि डेहरी आओर बेगूसराय मे कायकर्त्ता सभ संग बैसक करताह। एहि बिच, संगठनक मजगूती आओर अगिला विधानसभा चुनाव मे एनडीए गठबंधन दलक बिच कतेको बिंदु पर विचार–विमर्श कयल जायत।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ श्रम संसाधन विभाग सँ निबंधित सभ कामगारक खाता मे वस्त्र सहायता योजना मे पांच–पांच हजार टाकाक राशि डीबीटीक माध्यम सँ देलनि। प्रदेश मे पहिल बेर ई योजना लागू कयल गेल अछि। योजना मे सोलह लाख चारि हजार नओ सय उनतीस श्रमिकक खाता मे आठ सय दू करोड़ टाका सँ बेसी राशि पठाओल गेल। एहि मौका पर श्री कुमार मुख्यमंत्री प्रतिज्ञा योजनाक– एम.पी.वाईक वेब पोर्टल सेहो शुरू कयलनि। कतेको जिला मुख्यालय मे आयोजित कार्यक्रम मे आयल लाभार्थी सभ वेब कास्टिंगक माध्यम सँ ई कार्यक्रम सँ जुड़ल रहलाह।

———————————————————————

पटना उच्च न्यायालय प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आओर हुनक दिवंगत माय के लऽकऽ सोशल मीडिया पर देल गेल आपत्तिजनक ए.आई वीडियो के सभ सोशल मीडिया प्लेटफॉर्म सँ शीघ्रहि हटेबाक लेल जनौलक अछि। कार्यवाहक मुख्य न्यायधीश पी.वी बजनथरी आओर न्यायमूर्ति आलोक कुमार सिन्हाक पीठ जनौलनि जे ई वीडियो कोनो नागरिकक मौलिक अधिकारक सेहो हनन करैत अछि। न्यायाल केन्द्र सरकार, बिहार सरकार, बिहार प्रदेश कांग्रेस समिति, चुनाव आयोग आओर कांग्रेसक वरिष्ठ नेता राहुल गांधी के एहि लेल नोटिस जारी कयलक अछि। ध्यातव्य अछि जे ई वीडियो बिहार कांग्रेसक एक्स हैंडल पर पछिला एगारह सितंबर कऽ पोस्ट कयल गेल छल।

———————————————————————

सृष्टिक पहिल वस्तुकार भगवान विश्वकर्माक आइ श्रद्धापूर्वक पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। भगवान विश्वकर्मा के निर्माण आ सृजनक देवता मानल जायत अछि। एहि मौका पर प्रदेश भरिक इंजीनियरिंग प्रतिष्ठान मे पूजा–पाठ कयल जा रहल अछि। कारखाना, वर्कशॉप आओर गैराज सभ मे सेहो पूजा कयल जा रहल अछि। आकाशवाणी पटनाक अभियंत्रण विभाग मे सेहो विश्वकर्मा पूजा जा रहल अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एहि मौका पर लोक सभ के बधाई देलनि अछि। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आओर श्रम संसाधन विभागक मंत्री संतोष कुमार सिंह लोक सभ के विश्वकर्मा पूजाक मौका पर बधाई आ शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————————

प्रधानमंत्री विश्वकर्मा योजनाक आइ दोसर वर्षगांठ अछि। एहि मौका पर बोधगया मे आइ सँ दू दिवसीय पीएम विश्वकर्मा आओर एससी–एसटी हब महासम्मलेन कराओल जा रहल अछि। केन्द्रीय सुक्ष्म लघु आओर मध्यम उद्यममंत्री जीतनराम मांझी आओर मंत्रालय मे हुनक सहयोगी राज्य मंत्री शोभा करंदलाजे महासम्मेलनक उद्घाटन कयलनि। आयोजन मे पीएम विश्वकर्मा योजनाक दू हजार सँ बेसी लाभार्थी सभ आयल छथि। एहि मौका पर राज्य सरकारक मंत्री प्रेम कुमार, नीतीश मिश्रा सहित कतेको गणमान्य लोक सभ छलाह।

———————————————————————

रेलवे आबयबाल पावनि दुर्गा पूजा, दियाबाती आओर छठि पूजाक बीच यात्री सभक भीड़ के देखैत कतेको स्पेशल ट्रेनक परिचालन कऽ रहल अछि। ई ट्रेन राज्यक कतेको रेल

मंडल सँ देशक प्रमुख शहर लेल चलाओल जा रहल अछि। कटिहार रेल मंडलक प्रवर मंडल वाणिज्य प्रबंधक अनुप कुमार सिंह जनौलनि जे मंडल मे तेरह जोड़ी स्पेशल ट्रेनक आवाजाही आइ सँ शुरू भऽ गेल अछि।

————————————————————————————

मॉनसूनक सक्रियताक कारण प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे झमाझम बरखा भेल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बीच खगड़िया मे सभ सँ बेसी दू सय उनैस मिलीमीटर बारिश भेल अछि। ओतहि, मानसी मे एक सय पच्चासी दशमलव दू आओर डुमरॉव मे एक सय अड़तीस दशमलव छओ मिलीमीटर बरखा भेल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे आइ पश्चिम चंपरण, पूर्वी चंपरण, गोपालगंज, पूर्णियां, कटिहार, सुपौल आओर मधुबनी जिला मे किछु ठाम झमाझम बारिश भऽ सकैत अछि। एहि के लऽकऽ औरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि।

————————————————————————————

समाप्त